



Our vision is a world without Alzheimer's disease.

WE SPEAK YOUR LANGUAGE IN NYC

Hablamos español

Nou pale Kreyol

Мы говорим по-русски

我們會講中文

24/7 Helpline: 800.272.3900
alz.org/nyc

The Alzheimer's Association® is the leading voluntary health organization in Alzheimer's care, support and research. Our mission is to eliminate Alzheimer's disease through the advancement of research; to provide and enhance care and support for all affected; and to reduce the risk of dementia through the promotion of brain health.

HOW WE HELP

Our highly trained and knowledgeable staff can:

- Help you understand memory loss, dementia and Alzheimer's disease.
- Explain diagnosis, management and treatment options.
- Offer information and training so you can provide quality care for your friend or family member with Alzheimer's or another dementia.
- Provide referrals to community-based dementia care providers.



OUR PROGRAMS

Alzheimer's Association 24/7 Helpline (800.272.3900)

The Helpline is here for you 24 hours a day and 7 days a week. Call us to get information and support in both English and Spanish. We also can connect you to local programs and help you get care and services.

In our NYC office, we have people who speak many languages. We provide help by phone in more than 200 languages through a translation service.

Free Workshops

We hold free workshops throughout New York City. At our workshops, learn:

- All about Alzheimer's disease, dementia and memory loss.
- Tips for healthy aging and brain health.
- How to plan for legal and financial issues.
- How to handle communication and behavior issues when you are caring for someone with Alzheimer's or another dementia.

Information and Referrals

We refer you to services in the community to help you manage Alzheimer's disease at home. For example, we can help you find doctors, lawyers, adult day care programs and home health care. We also can refer you to housing options, such as assisted living communities. For information on how to pay for care, please call our **Helpline at 800.272.3900**.

Help for People Living with Alzheimer's or Other Dementias

Meet with one of our social workers or counselors to get help creating an action plan for your care. **You can also learn more about our Early Stage programs.**

Help for Caregivers

Meet with one of our social workers or counselors to get help creating an action plan for caring for your friend or family member with Alzheimer's or another dementia.

Support Groups

Attend one of our support groups for families, caregivers and people living with Alzheimer's. When you attend a support group, you can connect with other people affected by the disease. Learn how people manage stress and cope with being a caregiver or with a new diagnosis.

MedicAlert® + Alzheimer's Association Safe Return®

When you sign up for MedicAlert + Safe Return, we provide help in finding a person living with Alzheimer's who has wandered and become lost. This service is available 24 hours a day throughout the United States.

Information About Research Studies

Find clinical studies through our free and easy-to-use matching service. Alzheimer's Association TrialMatch® connects people living with Alzheimer's, healthy people, caregivers, and doctors to researchers working on a cure. Signing up is easy and you learn about hundreds of studies, including online studies and studies looking at finding, preventing and treating Alzheimer's.

OUR ONLINE SERVICES

The Alzheimer's Association offers many services on our website at **alz.org/nyc**. Find out about local New York City events and get information on caregiving in our online Alzheimer's and Dementia Caregiver Center.

Alzheimer's Navigator®

The Alzheimer's Navigator tool creates action plans just for you to help you find information, support and local resources. All you need to do is answer a few questions online.

E-Learning Workshops

We offer free online workshops for caregivers and people living with Alzheimer's and other dementias. Some workshops are available in Spanish.

Workshops include:

- **Know the 10 Signs:** Learn the 10 warning signs of Alzheimer's disease and how to recognize them in yourself and others.
- **The Basics of Alzheimer's:** Learn about causes, stages and treatment of Alzheimer's.
- **Legal and Financial Planning:** Learn about important legal and financial issues and how to put plans in place.
- **Living with Alzheimer's series:** This series has workshops for caregivers at each stage, people living with Alzheimer's and people diagnosed with younger-onset Alzheimer's disease.



Community Resource Finder

Our Community Resource Finder provides a list of local Alzheimer's resources, community programs and services. Finding resources close to home can make a difference when planning for the future. This list makes it easy to search, find and access the support you need quickly.

ALZConnected®

Join our free, online community for everyone affected by Alzheimer's or other dementias. On ALZConnected, you can ask questions, learn tips and share experiences on message boards and in a live chat room. ALZConnected provides a safe place for people to connect with others in similar situations 24 hours a day, 365 days a year, for FREE.

Information in Many Languages

We have information in many languages, including Spanish, Chinese, and Korean. We also offer an interactive video brain tour in 15 languages. **Go to alz.org/global to learn more.**

CONTACT US

Alzheimer's Association – NYC Chapter
60 E 42nd Street, Suite 2240
New York NY 10165
24/7 Helpline: 800.272.3900
alz.org/nyc

©2018 Alzheimer's Association®. All rights reserved.



This brochure is supported in part by a grant from the New York State Department of Health.



Vizyon pa nou se yon mond ki pa gen maladi Alzheimer.

NOU PALE MENM LANG AVÈK OU NAN VIL NOUYÒK

Hablamos español

Nou pale Kreyòl

Мы говорим по-русски

我們會講中文

Nimewo Asistans Telefonik
24 sou 24, 7 jou sou 7:
800.272.3900
alz.org/nyc

Alzheimer's Association® se pi gwo òganizasyon volontè nan domèn sante ki bay swen, sipò ak fè rechèch sou Alzheimer. Misyon nou se elimine maladi Alzheimer atravè pwogrè k ap fèt nan rechèch; se bay ak amelyore swen, sipò pou tout sa ki afekte yo; ak diminye risk maladi demans atravè pwomosyon pou sante sèvo.

MEN KIJAN NOU EDE

Anplwaye nou yo byen antrene epi yo gen bon konesans nan domèn lan, kidonk yo ka:

- Ede w konprann afè pèt memwa a, maladi demans ak Alzheimer.
- Esplike dyagnostik, jesyon ak chwa tretman.
- Bay enfòmasyon ak antrènman pou ka bay bon kalite swen, kit se pou zanmi w oswa pou manm fanmi w ki gen Alzheimer oswa yon lòt tip demans.
- Bay referans pou ale kay pwofesyonèl ki trete demans nan kominote a.



PWOGRAM NOU YO

Nimewo Telefòn Asistans Alzheimer's Association disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 (800-272-3900)

Nimewo Telefòn Asistans lan la pou l ede w 24 sou 24, 7 jou sou 7. Rele nou pou ka gen enfòmasyon ak sipò nan lang angle ak Kreyòl. Lèfini nou ka konekte w ak pwogram lokal yo epi nou ka ede w jwenn swen ak sèvis ki disponib.

Nan biwo nou ki nan Vil Nouyòk la, nou gen moun ki pale plizyè lang. Nou ede moun nan telefòn paske nou gen yon sèvis entèpretasyon nan plis pase 200 lang.

Seminè Gratis

Nou òganize seminè gratis toupatou nan Vil Nouyòk. Nan seminè nou yo ou ka aprann:

- Tout sa w dwe konnen sou maladi Alzheimer, demans ak pèt memwa.
- Konsèy pou pran laj an sante ak konsèy sou sante sèvo.
- Kijan pou planifye pou kesyon legal ak finansyèl.
- Kijan pou adrese kesyon kominikasyon ak konpòtman lè w ap okipe yon moun ki gen Alzheimer oswa yon lòt tip demans.

Enfòmasyon ak Referans

Nou refere w pou jwenn sèvis yo bay nan kominote a ki ka ede w jere maladi Alzheimer lakay ou. Paregzanp, nou ka ede w jwenn doktè, avoka, pwogram ki bay swen lajounen pou adilt ak swen sante adomisil. Epitou nou ka refere w pou ka gen chwa nan lojman, tankou nan kominote ki gen enstalasyon lojman asiste. Si w bezwen enfòmasyon pou konn kijan pou peye pou swen, tanpri rele **Nimewo Asistans nou nan 800.272.3900**.

Èd pou Moun k ap Viv ak Alzheimer oswa Lòt Tip Demans

Vin chita pale ak youn nan travayè sosyal nou yo pou l ka ede w kreye yon plan daksyon pou swen ou. **Epitou w ka aprann plis bagay sou pwogram Etap Preliminè (Early Stage) nou an.**

Èd pou Moun k ap Bay Swen yo

Vin chita pale ak youn nan travayè sosyal oswa konseye nou yo pou l ka ede w kreye yon plan daksyon pou w ka okipe zanmi w oswa manm fanmi w ki gen Alzheimer oswa yon lòt tip demans.

Gwoup Sipò

Vin patisipe nan youn nan gwoup sipò pou fanmi, pou moun k ap bay swen ak moun k ap viv ak Alzheimer. Lè w patisipe nan yon gwoup sipò, ou ka pran kontak ak lòt moun maladi a afekte. Aprann kijan moun jere estrès ak jere pozisyon yo antanke moun k ap bay swen oswa jere yon nouvo dyagnostik.

MedicAlert® + Alzheimer's Association Safe Return®

Lè w enskri nan MedicAlert + Safe Return, nou ede w jwenn yon moun k ap viv ak Alzheimer ki vin dezoryante e ki pèdi. Sèvis sa a disponib 24 sou 24 toupatou nan peyi Etazini.

Enfòmasyon Sou Etid Rechèch

Ou ka jwenn etid klinik atravè sèvis ki matche moun nou an ki gratis e fasil pou itilize. Alzheimer's Association TrialMatch® konekte moun k ap viv ak Alzheimer, moun ki an sante, moun ki bay swen, doktè avèk chèchè k ap travay pou jwenn yon remèd pou gerizon.

Ou ka anrejistre w fasilman epi w ka jwenn enfòmasyon sou dè santèn etid, ikonpri etid k ap fèt sou entènèt ak etid k ap chèche rezilta, prevansyon ak tretman Alzheimer.

SÈVIS NOU GEN SOU ENTÈNÈT

Alzheimer's Association ofri plizyè sèvis nan sitwèb nou an nan **alz.org/nyc**. Chèche konn enfòmasyon sou pwogram nou òganize onivo lokal nan Vil Nouyòk epi w ka jwenn enfòmasyon sou kijan yo bay swen nan Sant Moun ki Bay Swen pou Alzheimer ak Demans nou an ki sou entènèt la.

Alzheimer's Navigator®

Zouti pou navige nan sitwèb Alzheimer's Navigator a kreye plan daksyon espesyal pou ou epi l ede w jwenn enfòmasyon, sipò ak resous. Sèl sa ou bezwen fè se reponn kèk kesyon sou entènèt.

Seminè Aprantisaj Elektwonik

Nou ofri seminè gratis sou entènèt pou moun k ap bay swen ak moun k ap viv ak Alzheimer e ak lòt tip demans. Gen kèk seminè ki disponib nan lang panyòl.

Nan seminè yo gen:

- **Se pou konnen 10 siy yo:** Aprann idantifye 10 siy ki avèti maladi Alzheimer ak kijan pou rekonèt yo sou oumenm ak sou zòt.
- **Enfòmasyon Fondamantal sou Alzheimer:** Aprann kisa ki lakòz Alzheimer, etap yo ak tretman ki genyen.
- **Planifikasyon Legal ak Finansyèl:** Aprann enfòmasyon sou kesyon legal ak finansyèl ki enpòtan ak kijan pou mete plan w yo anplis.
- **Seri sou Kijan pou Viv ak Alzheimer:** Nan seri sa yo gen seminè pou moun k ap bay swen nan chak etap, moun k ap viv ak Alzheimer ak moun yo dyagnostike ki gen maladi Alzheimer k ap kòmanse pi bonè.



Sistèm Pou Jwenn Resous Kominotè

Nan Sistèm Pou Jwenn Resous Kominotè nou an, ou ka jwenn yon lis ki gen resous lokal pou Alzheimer, pwogram kominotè ak sèvis. Lè ou jwenn resous ki toupre lakay ou, sa ka fè yon gwo diferans lè w ap planifye pou lavni. Avèk lis sa a, li pi fasil pou fè rechèch, pou jwenn ak aksede sipò ou bezwen rapidman.

ALZConnected®

Ou ka patisipe gratis nan kominote nou gen sou entènèt la pou tout moun ki gen maladi Alzheimer ak lòt tip demans. Nan ALZConnected, ou ka poze kesyon, jwenn ti konsèy ak pataje eksperyans sou tablo afichaj yo epi w ka fè sa tou nan sal konvèsasyon andirèk sou entènèt (live chat room). ALZConnected bay yon kote ki gen sekirite pou moun ka konekte ak zòt ki nan menm sityasyon an 24 è pa jou, 365 jou pa ane, GRATIS.

Enfòmasyon nan Plizyè Lang

Nou gen enfòmasyon nan plizyè lang, ikonpri panyòl, chinwa ak koreyen. Epitou nou ofri yon eksplorasyon entèyaktif pa videyo sou sèvo a nan 15 lang. **Ale nan alz.org/global pou ka konn plis bagay.**

KONTAKTE NOU

Alzheimer's Association – NYC Chapter
60 E 42nd Street, Suite 2240

New York NY 10165

Nimewo Asistans Telefonik 24 sou 24,
7 jou sou 7: 800.272.3900

alz.org/nyc

©2018 Alzheimer's Association®. Tout dwa rezève.



Nou te riveibliye bwochi sa a, an pati, grasa yon sibvansyon Depatman Sante Leta Nouyòk.